ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАУЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№66 (24.036) ● 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм (июньм) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым коронавирусым зыщиубгъуным пэщІэтынымкІэ Оперативнэ штабым и зи чэзу зэІущІэ

Видеоконференц мардэм тету КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирусым зыщыщыхъуэмынымрэ а уз зэрыщІалэм зэрызиубгъум пэщІэтынымкІэ Оперативнэ штабым и зэІущІэ.

ЩІЫНАЛЪЭМ щыщыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэмрэ медицинэ Іуэхущ-ІапІэхэм я лэжьыгъэ зэрекІуэкІымрэ хэпІащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэр едэІуащ къаІэта Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ жэуап зыхь къулыкъущІэхэм жаІам. Узым къицІэлахэмрэ къапщытэ цІыхухэмрэ ехьэлІаауэ къэпсэльащ Роспотребнадзорым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и унафэщІ **Пагуэ Жыраслъэн**. Мэкъуауэгъуэм и 5-м ирихьлІэу COVID-19-р кІеуэлІауэ цІыху 3199-рэ ятхащ, абыхэм ящыщу 1502-р хъужащ, 29-р лІащ. Сымаджэщхэм щаІыгъщ пациент 950-рэ, абыхэм ящыщу 294-м я ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу е нэхъыжьщ, реанимацэхэм цІыху 54-рэ щІэлъщ. Иужь махуи 10-м ику ину жащмахуэм кІуриубыдэу цІыху 60-м нэблагъэ сымаджэщхэм ягъэгъуэлъащ. Амбулаторнэу йоІэзэ сымаджэ 631-м, къаззрееуэлІар кІыхэмыщу 1496-рэ (процент 49-рэ) кІахутащ. КІыззрежьэрэ тест 51111-рэ ирагъэкІуэкІащ икІи 7653-м КТ къэпщытэныгъэ ирагъэщІащ.

КІуэкІуэ Казбек кІыхигъэщащ, эпидемиологие щытыкІэр зэпІэзэрыту, кІыщиуду зызыубгъурэ куэд зэуэ щызэрыщІалъэ щІыпІэхэр щымыІэми узынщагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэхэм, санитар кулыкъухэмрэ лабораторэхэмрэ иджыпту лэжьыгъэшхуэ кІаззрыкуэкІар. ДызыхэкІуэ лъэхъэнэм щыдикъалэн нэхъыщхьэр зэрызахъумэну щыкІэр цІыхухэмрэ Іуэхущ-ІапІэхэмрэ къагурыгъэІуэныщ, кІиущынэмыщІауэ, уз зэрыщІалэм лэжьакІуэ, социальнэ гупхэр пэІэщІэ щынырщ, Іуэхущ-ІапІэм щыщІыхьэкІэ цІыхухэр къэпщытэныгъ, сымэджажэм яІуцІамэ, унафэщІхэм икІэщІыпІэкІэ хъьибар егъэщІэнымрэ къащІалъахэм адрейхэм зыпыІуадзынымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэщ.

КЪБР-м узынщагъэр хъумэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам** жиІащ нобэкІэ COVID-19-м медицинэ Іуэхущ-ІапІитхум зэрыщІэзэзэр. Абыхэм щагъэуващ гъэ-лъапІэ 1283-рэ, 594-р кислородым пыщІауэ, 152-р ИВЛ-кІэ къызэгъэпэщащэ. ГъэлъапІэ лейхэр, хуей хъумэ, щыІэщ.

Госпиталхэм я лэжьыгъэр къызэрагъэпэщ дохутыр 232-м, медицинэм и Іэщ-ІагъэлІ курытхэмрэ нэхъыщІэу 611-м. Медицинэ лэжьакІуэхэр ягъэхьэзыр, ягъаесэ зэпытщ, COVID-19 интерактив егъэджэныгъэ модулэхэр (ИОМ) хэту. ИОМ-р зэзыгъэщІа Іэщ-ІагъэлІхэм я бжыгъэр 9859-м нэсащ.

КІалэ клиникэ сымаджэщ №2-мрэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщымрэ я лэжьыгъэм щыпащэ сымаджэщым щІымыльу сабийхэмрэ балигъэмрэ я пневмониер щагъэхъужыныр. Махуэ къэс ику ину йоІэзэ апхуэдэ цІыху 30-м нэблагъэм, процент 50-м щІигъум я ныбжьыр илъэс 65-м щІигъауэ.

Къэрал контрактхэмрэ спонсор мылъкумрэ кІыхэкІыу узынщагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ-ІапІэхэм зэпыу имыІэу яІэрохъэ зыхуеину щхьэзакъуэ зыхъумэжыныгъэмкІэ Іэмэпсымэхэр. Къыщынэмыщ-Іауэ, уз зэрыщІалэ нэхъ шынагъуэхэм щеІэзэ госпиталхэм ирагъэщащ ягъэІэпхъуэ рентген аппарату 3, пациентхэм зэракІэлъыплъ монитору 8, кислородыр псыкІэ зыгъэнщІу 150-рэ, жыжьэу къэзыпщ термометру 45-рэ, пульсоксиметру 100. Федеральнэ бюджетым кІыхэкІыу ягъэуващ щІыпІэ 401-рэ кислородкІэ къызэзыгъэпэщ системэ.

Нобэм ирихьлІэу тезыгъэгушхуэ ахъшэр кІыхуабжащ икІи ираты жащ медицинэ лэжьакІуэ 5103-м, КЪБР-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и унафэм щІэт Іуэхущ-ІапІэ 16-м я Іэщ-ІагъэлІ 1915-рэ, медико-санитар ІэнатІэм и пэщІэдзэ къудамэхэмрэ стационархэмрэ я лэжьакІуэ 3188-рэ къызэщІиубыдэу. Мы Іуэхум теухуауэ министерствэм зэпыу имыІэу къэпщытэныгъэхэр ирегъэкІуэкІ икІи «телефон пщтыримрэ» къэрал Іуэхутхьэбзэкэм я порталымкІэ цІыхухэм зыкъызэрыхуагъаззм хоплъэ.

ЗэІущІэм щхьэхуэу щыхэплъащ Зыуэщыт къэрал экзаменхэмрэ Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхь зэхъуэкІыныгъэхэм папщІэ екІуэкІыну Урысейпсо ІэІэтымрэ щекІуэкІкІэ санитар-эпидемиологие шынагъуэнщагъэр къызэрызэрагъэпэщыну щыкІэм.

КЪБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэрыуалэм я ІуэхуэхмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Езауэ Анзор** щигъэгъуэлэм я ІуэхуэхмкІэ и унафэм папщІэ щІыпІэ 27-рэ зыхуей зэрыхуагъэзар: 26-р - егъэджэныгъэ Іуэхущ-ІапІэхэм, 1-р - унэм. Аудиториехэм я бжыгъэр 358-рэ мэхъу. Роспотребнадзорым и чэнджэщхэм тету а щІыпІэ псори шынагъуэнщагъэ ІэмалхэмкІэ къызэгъэпэщащ: пэщхэр дезинфекцэ ящІащ, Іэщ-ІагъэлІхэмрэ хэтынухэмрэ щыщІыхьэкІэ къащІытэнущ, пэщхэм антисептик Іэмалхэр щыІэнущ, ЕГЭ-м хэтхэр, предмет комиссэхэм я экспертхэм, мэгъэ 1,5-кІэ мынэхъ мащІэу зэпэщІэхауэ ягъэтІысынущ, медицинэ бригадэхэм дежурствэр ирахьэкІынущ.

КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІ **Джэш Вячеслав** зэрыжиІамкІэ, урысейпсо ІэІэтым гъэхьэзырынымрэ егъэкІуэкІынымрэ къызэрагъэпэщынущ щыналъэ 13-мрэ участкэ 355-мрэ я хэхакІуэ комиссэхэм. ЗэхакІуэхэм я бжыгъэу ятхар 537720-рэ мэхъу.

ІэІэтым хэтыну псомэ я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщын папщІэ Іэмал щыІэщ мэкъуауэгъуэм и 25-м щыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм и 1 пщІондэ я унэм къыщІэмыкІыу, къыщынэмыщІауэ здэщІэ щыпІэм нэхъ пасэу а Іуэхур щрагъэкІуэкІыну. Мэкъуауэгъуэм и 5-м щеГъэжьауэ лъэІу тхыльхэр Іахьнущ. Іэщ-ІагъэлІ щыпІэхэм Іэмал щратынущ цІыхухэм яхуэмызэу ар зэфІагъэкІыну, щыхьэпІэ-щІэжьІыпІэ щхьэжьхэр щыІэнущ, температурэр къапщынущ, медицинэ нэкІыупхъуэхэр, Іэлъэхэр, дезинфекцэ зэращІ Іэмалхэр ираты нущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

● Къэрал ІуэхущІапІэхэм

Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуэнущ спорт объект 33-рэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеозэпыщІэныгъэм и Іэмалхэр къыгъэсэбэпри, КЪБР-м спортымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Хьэсанэ Ислъам зэІущІэ дригъэкІуэкІащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэр едэІуащ спортым зиужьыныкІэ КЪБР-м иджыпсту щыщыІэ щытыкІэмрэ «Демография» лъапкъ проектым хьыхь «Спортыр - гъащІэм и мардэщ» щІыналъэ проектыр гъэзэщІа зэрыхъумрэ.

Къапщтэмэ, Хьэсанэ Ислъам жиІащ «Демография» лъапкъ проектым и щІыналъэ Іыхьэм ипкъ иткІэ объект 33-рэ (физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексу 5-рэ губгъуэ ухуэныгъэхэу 28-рэ) яухуэн, спорт инвентарэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ къащхэун папщІэ зэгурыІуэныгъэу 3 аргуэру зэрызэращІылар. Къэралым кІиутІыпщ мылъкур трагуэшащ КЪБР-м СпортымкІэ и министерствэм, КЪБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм, республикэм и муниципалитетэм ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм.

Апхуэдэу, 2020 гъэм къриубыдэу Къэщкъэтау щызэфІагъэувэнущ физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплекс, Налшык, Бахьсэн, Прохладнэ къалэхэм, Бахьсэн, Лэскэн, Май, Тэрч, Аруан, Шэрдэж, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэм щаухуэнущ унэтІыныгъэ зыбжанэ зиІэ щыджэгу щІыпІэхэу 25-рэ, спорт-узынщагъэр щрагъэфІакІуэ сабий комплексхэр хэту. КъыщынэмыщІауэ, Май муниципальнэ щІыналъэм папщІэ Іэрыщі футбол губгъуэм и алэрыбгъэр къащхэунущ.

Федеральнэ мардэхэм тету олимп, паралимп, сурдолимп спорт лІэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм щыхуагъэхьэзыр Іуэхущ-ІапІэ 44-м папщІэ спорт Іэмэпсымэхэр къащхэун папщІэ къэрал зэгурыІуэныгъэхэр иращІылащ. Абы ищІыІужькІэ, КЪБР-м СпортымкІэ и министерствэм и мурадщ спорт-технологие Іэмэпсымэрэ хьэпшыпу комплекти кІынщхэуну, спорт утыку цІыкІуэхэр къызэригъэпэщын папщІэ.

КІуэкІуэ Казбек пщэрылъ ящищІащ Іуэху къэрахьэжьахэр зэрекІуэкІымрэ спорт ухуэныгъэхэм я щытыкІэмрэ сыт щыгъуи я нэІэ трагъэтыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Яубзыхуам и процент 90-м щІигъур яІэрыхьакІэщ

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ Правительствэм и зи чэзу зэІущІэр. Ар видеоконференц мардэм тету къызэрагъэпэщащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтахэр Іуэхугъуэ тІощІым щІигъум тепсэлъыхьащ. Абыхэм ящыщт республикэм и къэрал властым и органхэм къэрал программэхэр гъэзэщІэным хуэгъэзащІ 2019 гъэм зэфІагъэкІаэр. Абы и лъэныкъуэкІэ щыналъэм и Іуэху зытетыр зэпкърихыу къэпсэльащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис**.

Ильэс кІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым щелэжьащ къэрал программэ 24-м, абыхэм ящыщу 17-м федеральнэ бюджетым щыщ мылъку хэлъщ. Программэхэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну КЪБР-м и бюджетым щаубзыхуат сом мелард 33,6-рэ, ар федеральнэ бюджетым кІыхэкІыу сом меларди 10,1-рэ, республикэ бюджетым ейуэ сом мелард 23,5-рэ зэхэлъщ.

Республикэ къэрал программэхэм хуатІупщакІэщ сом мелард 32,6-рэ (ар псори зэхэту трагъэкІуэдэнум и процент 96,8-рэ мэхъу). Бюджет мылъкуу къагъэсэбэпам и процент 70 хуэдизыр социальнэ унэтІыныгъэ зиІэ Іуэхухэр дэгъэкІыным хуаутІыпщащ.

КЪБР-м и къэрал программэхэм я нэхъыбапІэм мылъкур хуаутІыпщакІэщ - яубзыхуам и процент 90-м щІигъур яІэрыхьащ къапэщыт къалэнхэр ириззфІахын папщІэ. Ар иужьрей илъэсхэм яхуэзэфІакІауэ щыта бжыгъэхэм йофІэкІ.

ЗэІущІэм къыщащтащ республикэпсо щэбэт щІыхьэху егъэкІуэкІыным теухуа унафэм и проектыр. Абы къыщалэжь ахъшэр хухахынущ школ ныбжьым ит сабийхэр гъэ еджэгъуэщІэм хуэгъэхьэзырыным. ЩІыхьэхур мэкъуауэгъуэм и 13-м зэхуашэсыну траухуащ. Ар республикэм и щІыналъэ псомэ, кІалэ округхэм щекІуэкІынущ. ЩІыхьэхум и фондым къыхуагъэхьыну ахъшэр трагуэшэнщ хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм къыщыхъу сабийхэм, дэтхэнэмэ сом миниті хуэзэу, ар адэ-анэхэм я счётхэм хуралъхьэнущ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ КЪБР-м и къэрал мылъкур 2020 гъэм приватизацэ щІыным теухуа планым. Абыхэм ятпкъ иткІэ, республикэ бюджетым кІыхэхъуэну къалытащ сом мелуан 296-рэ.

«ЩІы Іыхьэ зэхахэр щатха гупым кІыхэгъэкІауэ нэгъуэщІ гупым хэгъэхьэным теухуауэ» унафэм и проектри къащтащ. Ар теухуащ Прохладнэ щІыналъэм и щІым хиубыдэ Іыхьиті, гектаррэ ныкъуэрэ хъууэ, промышленнэ Іуэхухэмрэ нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ хэхахэм кІыхьагъэсэбэп щІыхэм хагъэхьэным. Абыхэм я кадастр уасэр муниципальнэ щІыналъэм ику иту щызекІуэм нэхъ я лъапІэкъым.

Апхуэдэу арэзы техъуащ КЪБР-м и къэрал мылъкуу щыт, си школ кІыэгъуэ мыхъуа сабийхэм щакІэлъыплъ яслъэ Іуэхущ-ІапІэхэу Щэджэм къалэм дэт езаногъ еджапІэм къеплахэр Щэджэм щыналъэм и мылъкум хэгъэхьэным теухуа унафэм и проектым. Абы псори зэхэту сом мелуан 31,7-рэ хуоз.

КЪБР-м и Правительствэм и резерв фондым щыщу сом мелуан 1,2-рэ Тэрч щІыналъэм и администрацэм хуаутІыпщыным теухуа унафэм и проектми арэзы техъуащ. Ахъшэр кІыхуагъэсэбэпынущ Тэрчыпсым и Іуфэхэр гъэбыдэным. Псыдзэхэр къыщехым деж, Тэрч къуэ, нэпкъым щхьэдахьурэ Урожайнэ къуажэм зэран хуохъури, абы теухуауэ нэхъапэм ирагъэжьа лэжьыгъэхэр и кІэм нэгъэсыным трагъэкІуэдэну аращ ахъшэр.

2019 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм спортсменхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ иратын хуеи саугъэтхэр яІэрыгъэхьэжьыни и унафэр ящІащ. Ахъшэр зратынуэр ягъэбелджылащ - ахэр олимп спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ УФ-м и командэ къыхэхэхэм хэтхэрщ, олимп спорт лІэужьыгъуэу щымыт, паралимп икІи сурдолимп спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ къэралым и командэ нэхъыщІэхэм хэтхэу Олимп, Паралимп, Сурдолимп Джэгухэм, дуней псом, Европэм, Урысей Федерацэм я чемпионатхэм бжыпэр щызыубыдахэрщ, къыщыхэжаныкІахэрщ.

НэгъуэщІ Іуэхухэмэ щыхэплъащ зэІущІэм. Апхуэдэу, КЪБР-м промышленностымрэ сатумрэ зыщегъэужьыным хуэунэтІа къэрал программэм, КЪБР-м и сакъыпІэт фондым хьыхьэ объектхэм зыхьэхэр гъэбелджылыным зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Къат куэду зэтет унэхэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжьынм хуэунэтІауэ къыхалъхьа программэр зэрылажьэм зэрыкІэпхыплъым, фэтэрхэм щІэсхэм мазэ къэс а Іуэхум халъхьэн хуей ахъшэхэр зэрат, абыхэм щыхуэз ятелъпрэ зэрызэхагъэкІ щыкІэм, нэгъуэщІхэмэ хэпІащ.

Зытепсэлъыхьа Іуэху псоми ятеухуа унафэ пыухыкІахэр къащтащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

Кулиев Къайсын ягу къагъэкІыж

Мэкъуауэгъуэм и 4-р - Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ, Лениным и цІэр зезыхьэ, СССР-м и Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфащэ Кулиев Къайсын и фэеплъ махуэщ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ-Іым и къуэдзэхэу Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ, республикэм и хабзэгъэуэ Іэнаті Мэкъумэш ІуэхухэмкІэ, щІыр къэгъэсэбэпыныкІэ, щІыуэпсымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкІэ и комитетым и Іэтащхьэ ТекІушэ Артур сымэ усакІуэшхэм пщІэ хуащІу удз гъэгъахэр бгъуралъхьащ Кулиев Къайсын и фэеплъ сыным.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

УсакІуэ уахътыншэ

Пушкин Александр нобэ къыщалъхуа махуэщ

Илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 6-м ягъэлъапІэ Пушкиным и урысейпсо махуэр. Абы къэрал мыхьэнэ етыным ехьэлІа унафэр Урысей Федерацэм къыщащтауэ щытащ 1997 гъэм, усакІуэшхуэр къыззралъхурэ илъэс 200 щирикъум ипэ къихуэу. УФ-м и Президентым и жэрдэмкІэ, 2011 гъэм щегъэжьауэ илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 6-м ягъэлъапІэ Урысыбзэм и махуэр.

СОВЕТ зэманым щыгъуэ зэрыхабзэу щытауэ, абы ирихьэлІэу цІыхушхуэ щызэхуос Пушкиныр къыщалъхуа Михайловскэ къуажэм, абы и цІэр зезыхьэ Іуащхьэхэм деж, усакІуэм и Іэдакъэщ-ІкІэхэм къызэреджэм едэІуэн папщІэ. Апхуэдэуи дэнэ щІыпІи щыщІэкІ усакІуэм и ГащІэмрэ и Гуащ-ІэмрэІ, урысыбзэм, урыс литературэм теухуа пшыхьэхэр, щэнхабзэ зэІущІэхэр. Абыхэм хэтщ музыкант, актёр щІэрыІуэхэр, усыгъэм дихьэх нэхъыжьхэр, ныбжьыщІэхэр, школакІуэхэр.

Урыс литературэбзэм и лъабжьэ зыгъэтІылъауэ къалъытэ Пушкин Александр и творчествэр, жыпІэнурамэ, дэтхэнэми къыддогъуэгурыкІуэ. Я ныбжь, зэрыт дин, къызыхэкІа лъэпкъ емыльытауэ псоми къыззадащтэ, ягу ирохь абы и усэхэр, куэдым гукІэ зрагъащІэ. ЗэбдзэкІыну зэрыгугъуэм емыльытауэ, а Іуэхум зезыпщытхэр дуней псом и дэнэ щІыпІи щыбгъуэтынущ. Бзэ пщІы бжыгъэхэм ирагъэззэгащ Пушкиным и усэхэм ящыщ куэд, нобэми абыхэм елэжьхэр щыІэщ.

И таурыхъэр-щэ?! Дуней хъэрпшэрым ухашрэ псысэм и лъахэм укъыщагъэхутэу, абыхэм щІымыпІыкІа сабий къэгъэтыгъуейщ. Уеблэмэ, тхыльемыджэф щыкІуэкІри дахьэх, апхуэдизкІэ сабиипсэм пэгъунэгъуу тха хьэщи.

Пушкин Александр Кавказым тІэунейрэ щыІащ: 1820, 1829 гъэхэм. Япэу къыщыкІуам зэрымыщІэкІэ къыщыхутауэ жыпІэ хъунут, зригъэлъэгъуари Кавказым и Псы хущхьэхэм я закъуэт. Ди щІыналъэм и дахэгъэмрэ и щІыхуэмрэ дахьэхагъэнти, етІуанэу къытригъэзащ, ди щІыналъэмрэ Тырку къэралыгъуэмрэ щІэзэпыхьэ щІыпІэм нэси къыззхикІухьащ. Пушкиныр къамылъху ипэкІи Кавказыр зэрыщІэр ящІэрт, шэч хэмылъу, ауэ адрей усакІуэхэм ди щІыпІэ дахэр къахуэзІуэзыхауэ къэплъытэ хъунур аращ. АпхуэдизкІэ дахащэу, зэпІэпишэу щІыуэпсри щІепсэу щІыхуэри къыгъэлъэгъуати, абы и творчествэм щыгъуазэхэр Кавказым къыхуелэ хъуащ.

Ди щІыналъэм къыщыззщІэрыуа и гупсысэхэм къыхэкІыу Пушкиным и Іэдакъэ къыщІэкІащ, псалъэм папщІэ, «Кавказский пленник», «Тазит» поэмэхэр, «Кавказ», «Обвал», «Подражание Корану», «Путешествие в Арзрум», «На холмах Грузии», «Не пой, красавица, при мне...», «Монастырь на Казбеке», нэгъуэщІхэри. КъэралыщІэ, ипэкІэ имыщІа щІыуэпсэ гъэщІэгъуэн къыщыхуауэ къилъытэрт усакІуэм, Кавказым щыпсэу щІыхуэр адрейхэм къыхэзыгъэщхьэхуэкІ щхьэхуитыныгъэми зыщигъэнщІыртэкъым.

УсакІуэр псэущ абы и Іэдакъэщ-ІкІыхэм зэІэпахь, ауэ, адрей усакІуэхэм ди щІыпІэ дахэр къахуэзІуэзыхауэ къэплъытэ хъунур аращ. АпхуэдизкІэ дахащэу, зэпІэпишэу щІыуэпсри щІепсэу щІыхуэри къиг

● Гулъытэ

Къанокъуэ Арсен нэхъыжьхэр егъэгуфIэ

КъБР-м кыыбгъэдэкIыу УФ-м Федерацэмкl э и Советым щыIэ Къанокъуэ Арсен и мылъкум кьыхэкIыу яхуэупсащ Хэку зауэшхуэм хэтауэ ди республикэм исхэм. Фронтым Iута нэхъыжь 91-м, хэкIуэдахэм я щхьэгъусэу 3-м ахъшэ сом мин 50 зырызрэ ерыскъырэ Iэрагъэхьащ. Апхуэдэуи зауэм къикIыжауэ дунейм ехьжа ветеранхэм я щхьэгъусэхэми ерыскъыхэр хуашащ.

УНАГЪУЭ 300-м яIэрыхьащ хьэжыгъэ килограмми 10, фошыгъу килограмми 5, прунэк, хугу, крупа, дагъэ, макарон, шей, шыгъу зэрылъ ащыкыр.

Къанокъуэм и тыгъэхэр зыхуэхэахэм Iэрагъэхьэжащ «Черкесы доброй воли», «Волонтёры-медики» псапащIэ зэщIэхъееныгъэхэм хэт ныбжьыщIэхэм.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Политикэ партхэм

«Урысей зэкъуэтыу» къыхилъхьэхэр

Мы зэманым щытыкIэ гугъум кьихуэта Iэнатlэхэм защIэгъэкъуэным, къэралым и экономикэр зэфIэгъэувэжыным хуэунэтIа Iуэхугъуэ 300-м щIигу кьыхихьащ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым. УФ-м и щIыналъэ псоми, щхьэж и Iуэху зыгуфIыгъуэ, щIыпIэхэм щагъэзэщIэн хуей кьалэнхэр яубзыхуащ.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и секретарым и къуэдзэ, партым и щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Парафилов Дмитрий кьиузырджиламкIэ, ди республикэми кьыщыхэрагъэпэщащ абы хуэунэтIауэ зэфIэх Iуэху псори зи нэIэ щIэтыну лэжьакIуэ гуп, цыху 21-рэ хьыбзу. Абы и унафэщIщ «Урысей зэкъуэт» партым КъБР-м щIиз щIыналъэ къудамэм и секретарь, республикэм и Iэтащхьэ Кlуэкlуэ Казбек.

Министрхэр, якъэрчэт, промышленность Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт гупыр ноби ирихьэлIэу хунэсащ коронавирус уз зэрыщIалэм зыщиубгъу щытыкIэм кьыдэкIуа экономикэ, социальнэ гугъуехьхэр кьиузнэкIыным хуэунэтIа Iуэхухэр зэпкърахыну, зыпэлъэщынуэм яужь щIэну. Хъэрычэт Iэнатlэ мащIэмрэ курытымрэ хьихьэ Iуэхущ Iанlэхэм ягъуэта хэщIыныгъэхэр хуагъэмэщIэн, абыхэм нэхъ пасэу зэращIылIауэ щыта щIыкуэлизинг зэгурыIуэныгъэхэм кьыщыгъэлIагъуэ я кьалэнхэм пэлъэщын папщIэ мылъку яхуэхъунэтIа фондым субсидиехэр зэрыхуэутIыпщIыну щIыкIэхэр зэхалъхьащ.

Апхуэдэ дыдэу кьащтащ КъБР-м и хьэрычэт Iэнатlэ мащIэмрэ курытымрэ, хэщIыныгъэ нэхъыбэ зыгъуэта Iэнатlэхэу къэралым кьимылъытагъэм хьихьэм, субсидиехэр зэрагъэхьэну щIыкIэхэм теуха хабзэр. ЗэхъуэкIыныгъэхэр ягъэташ КъБР-м и Iуэзэщ IакIуэ властым и органхэм щыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэу Iуэху куэд щызэфIагъэкI центрхэм «зы щхьэгъубжэ» мардэм тету кьыщыхуащIэхэми. Абы хагъэхьащ зи нобжьыр илъэсищым кьыщыщIэдзауэ илъэсиблым кьриубыдэ сабийхэм мазэ кьэс ахъшэ зэрырагъэну щыкIэм теуха пунктыр.

Абы кьыдэкIуэу, федеральнэ бюджетым щыщ ахъшэ республикэ бюджетым кьызэрихуэутIыпщыми и фIыгъэкIэ, коронавирус уз зэрыщIалэм зэрыпэщIэт оборудованэрэ Iэнэпсымэ зэмылIэужьыгъуэу кьащцхум трагъэкIуадэм, узым пэщIэтхэм хущIагъу ахъшэм хагъэхьэуну я мурадщ.

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-Iуэхущ IанlэI.

● Тхьилъеджэм и псалъэ

«Пшэм хэт унэм» сыщохьэщIэ

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьыщыдэкIащ Ацкъан Руслан и тхылъыщIэ, «Пшэм хэт унэ» зыфIищар. Абы щызэхуэхьэсащ уэсхэр, поэмэхэр, новеллэхэр.



ТХЫЛЪЫР кьиузтезмыс щыкIэ абы и жинтым тет сурэтыр куэдрэ зэпэсплъыхьащ. Сыту куэдым ригъэгупсысрэ абы. ЩхьэгъубжэкI къэпщIэнтIар къисльэщыкIауэ сыкIуэцIрыплъ къыщыцхьуат. Жэщ пшагъуэм кьыхэщ щиху уардэхэр, кьихэцIуукI нэху гуэрхэр, бгым тетрэ пшэмкIи щыпкIу унэр - а псори сыт щыгъуи си нэгу щIэта хуэдэт. Пшэм хэт унэм сыщыхьэщIэу фIэкIа пщIэнтэкъым.

Мис а гупсысэхэм сыхэту кьиузтесхащ тхьилъыр икIи заншIэу сыхэхуащ дуней гъэщIэгъуэныщIэм. Усэ кьэс зы гъащIэ псо хьу хуэдэт - гурыгъуэм, гурыщIэри, псэр зыгъэнщI гуфIэгъуэри щызэхэтт абы. Пэжыгъэмрэ цIыхугъэмрэ нэхъ Iуагъэкlуэт щыхьэ мы зэманым умыгъэщIагъуэу кьанэрхьым Ацкъан Руслан и тхыгъэхэм хэухуэна гупIанагъэмрэ кьабзагъэмрэ. Ахэр уи гущIэм кьоиэ, ноби щыщIэдзауэ гуапагъэ пщIэу упсэуну гукъыдэж кьуат. Дахагъэ иджыри зэрыщыIэр уи фIэщ мэхъу.

Сэ куэд щIауэ фIыуэ сольагъу Ацкъан Руслан и усэхэр, ауэ мы тхылъым ихуа тхыгъэхэр кууэ хьэспщIэну, зэпхьыкIыж хэуэфIэкIыну хьэнкъым, ар зыльэкIынур литературэмкIэ критикэрщ. Согугъэ гупсысэ нэхъкIэ гъэнщIа мы тхылъым ущIызыIэпишэ щхьэусыгъэуэр сэри зыхэсщIауэ. Зэ Iуплъэгъуэкlэ усакIуэ телъыджэм и тхыгъэхэм уатепсэльыхьыну тыншу кьыпфIэщIынущ. Ахэр фэрыщIагъыншэщ, бзэ кьыщIэрыгуэкIкIэ тхащ, абыхэм ещхьгъуафIэщ. Ауэ, укъеджа нэужь, хуэмурэ кьыппкърыхьэу щIедзэ зи гугъу сщIы тхыгъэхэм я щэхур, абыхэм кьебэкI гурыщIэр, кьабзагъэр, зэм уигъэпIейтейуэ, зэмэ уи псэр игъэтынщу. КьыбгурыIуэу щIыбодзэ а тхыгъэхэр хэмыту щытмэ уи гъащIэр нэхъ гурыфIыгъуэншэ зэрыхъунур. Кьыбдалъхуам ещхь мэхъуэр.

Апхуэдэ тхыгъэхэр къэбгъэщIын щхьэкIэ Тхьэшхэр зэчийкI кьыпхуэупсакIэ зэфIэкIыркъым. Абы теухуауэ Паскаль псалъэ щэрыуэ къигъэнащ: «Талант уиIэри хъарзынэщ, ауэ уемызэщIыжри улэжьэн хуейщ». А псалъэхэм щIапIыкIа хуэдэщ Ацкъанур.

Мы зи гугъу тщIы тхылъым, адрей псори я кьызогъанэри, сонет гъуэзэджэу щицрэ пщIырэ итщ. Ахэр ди литературэм я нэхъ гъэзэщ дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым мызэ-мытIэу тетхьаькъ ди щIэныгъэлIхэр. Сонетыр литературэм и жанр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытми хэт щымыIуэзэр?! АтIэ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм, зэчийм нэмыщ, гурIуэгъэ куэд пщIащ. Абыхьэ ятекIуэда гугъуехьэм уегупсысыркъым, Руслан и сонетхэм укъыщедджакIэ, ахэр езыр-езыру кьэхуам хуэдэщ, кьелъэфIлаУэ зы псалъэ яхэткъым, игъащIэ лъандэрэ лъэпкъым кьыдогъуэгурыкIуэ жыпIэмкI. Ащхьаным и прозэри усыгъэ кьуэпсу зэхэухуэнащ.

Мыри дыщызгъэжьнуц: Руслан цIыху цIэрыIуэу, зэфIэкIышхуэ зиIэ усакIуэу и щытыкIэмкIэ хуэбгъэфэщэнчкъым - Iэдэбщ, теплъэкIэ цIыхум закъыхигъэщIыркъым. А щытыкIэм сабиигъуэм кьыщежьэ лъабжьэ иIэщ. Нобэ зэфIэкIышхуэ зиIэ усакIуэр псэкIэ зимыхуэжу кьиузрынар, гукъабзагъэр зэрихьэмэфарщ абы и тхыгъэхэр ди псэм щыщ зыщIыр.

«Пшэм хэт унэр» ди лъэпкъ усыгъэм и псэукIэ дахэхэм ящыщ зыуэ кьызэрыщIэкIынум сэ щэч лъэпкъ кьытесъэркъым. Абы нэмыс хэлъу еблагъэ дэтхэнэ зыми пщIэрэ гухэхъуэгъуэрэ зэрыщигъуэтынур сощIэ.

ЕГЪЭН Ануар,
инженер-системотехник.
Нартан къуажэ

Даур Джэбрэил Мухьэмэд и къуэр

Накъыгъэм и 27-м зэуэзэпсэу дунейм ехьжащ МВД-м и ветеран, полковникыу отставкэ щIэ Даур Джэбрэил Мухьэмэд и къуэр.

Даур Дж.М. КъБР-м хьихьэ Дзэлыкъэ щIынальэм и Сэрмакъ къуажэм 1948 гъэм щкIуэгъуэм и 18-м фронтовик унагъуэм къыщалъхуащ. Сэрмакъ курыт еджапIэ №1-р къиуха иужькIэ 1966 гъэм КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым зоотехникмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Ар къиузэриухыу, 1971 - 1973 гъэхэм СССР-м Iэщэкlэ ЗэщIэуэщ Къэрэкъэм мотоциклоз взводым и унафэщIу къулыкъу щищIащ.

1973 - 2004 гъэхэм щригъэджащ Урысейм и МВД-м и Краснодар академием Налшык щIэ къудамэм.

МВД-м къулыкъу щищIа лъэхъэнэм къыхуагъэфэщащ «Дагъуэншэу къулыкъу зэрищIам папщIэ» медалым и 1-нэ, 2-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр, «Урысейм и МВД-р илъэс 200 щрикъум и щIыхькIэ» медалыр.

2003 гъэм къратащ «МВД-м щыIэ лъэхъ зиIэ и лэжьакIуэ» бгъэхэлър.

Хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм илъэс щэщым щIигъукIэ щылэжьауэ, 2004 гъэм пенсэм кIуащ.

Ар сыт щыгъуи жыджэру хэтащ щалъхуа жылэм, машинэхуэху заводым, Урысейм и МВД-м и Краснодар академием Налшык щIэ къудамэм и спорт гъащIэм.

Даур Джэбрэил Мухьэмэд и къуэр цIыху гуапэу, гущIэгъуныуэ, хэти дэIэпыкъунэу хьэзыру дунейм тетащ. Абы къыщIэнащ къуэрэ пхъурэ, абыхэм къалъхужауэ цIыкIуий.

Ар зэи дигу ихунукъым.

И къуэшхэр, шыпхъуэхэр, бынхэр.

«Iуащхьэмахуэ» журналым фыкъыщеджэ

«Iуащхьэмахуэ» литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр - 2020 гъэм и етIуанэ номерыр - дунейм къытехьащ. Ди жагъуэ зэрыхъунущ, иджыпсту дызэрыт щытыкIэ гугъуэм къыхэкIыу, Iэ щIэзыдза псоми ар яIэрыхьакъым. Абы еджэну зэкIэ Iэмал зиIэр пощткIэ къызыхуахьэрщ, редакцэм къыщыщIэщхьэмрэ зыхуашэж Iуэхущ IанlэхэмрэИджыри лъагъэIэсыжьфакъым.

ЖУРНАЛым и жьантIэр хуэфащэ дыдэу лъысащ тхакIуэ цIэрыIуэ Мэшбащ Iэ Исхьэкъ - ар къыкIэрыхурэ мы гъэм илъэс 90 ирикъуащ. «Адыгэ литературэм и классик» фIэщыгъэм щIэт, тхакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теуха тхыгъэ купщIафIэр и кьалэмыпIэ къыщIэкIащ Исхьэкъ фIыуэ зыщIыкъ, абы и творчествэм дихьэх, Адыгэ Республикэм щыхьэ зиIэ и журналист Нэщ Iэпыджэ Замирэ. Абы кьыкIэлъокIуэ Мэшбащ Iэм и ныбжьэгъуэку Бакlуу Хьанджэрий, Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд, Елгъэр Кашифсымэ тхакIуэм хуагъэзэ я тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэми абы хуажаIэхэм щыщ пычыгъуэхэр. Журналым и напэкIуэцI тIощ Iым щIигъур ешI Исхьэкъ и Iэдакъэщ Iэкъым лъысащ - «Хэжэсхэр» роман цIэрыIуэм кьыхэха пычыгъуэхэмрэ и гукъэкIыжхэм ящыщу Кастрэ Фидель зэрыхуэзэамрэ.

Фыз-Кьаныкъуэ Анфисэ и «Мэуэтхэр» тхыдэ романращ прозэ рубрикэр кьиузIуэныхьр. Абы и пэщIэдзэр япэ номерым тетащ, пызыщ Iыхьэр мы кьыдэкIыгъуэм дыкъыщоджэ.

Журналым и щIэджыкIакIуэхэм зэрафIэгъэзащIэгъуэныным шэч хэлъкъым Мэлей ФатIимэ и Iуэтэж кIэщIхэр. Абыхэм гъащIэм дызыщихьэлIэ Iуэхуэхэр гукъинэжу кьызэрыщIэтам и мызакъуэу, КъБР-м и цIыхуб усакIуэ Бещтокъуэ Хьэбас тхакIуэ бзыльхугъэм и творчествэм псалъэ гуапэ зэрыхужиIам кьегъэлъагъуэ гулъытэ зыхуэщIэ хъун хуэдэу ФатIимэ и творчествэр зэрыщытыр.

Усыгъэм и лъахэм дыхешэ зи псэр макъамэмрэ усэмрэ зэхуэдэу игъэушэ композитор Хьэлупэ Джэбрэил. И Iэдакъэщ Iэкlэхэр дунейм къытехьэным, газетхэмрэ журналхэмрэ кьытрадзэным, тхылъ щхьэхуэу кьыдэгъэжIыным ар зэрыхуэщытыр зыщIэхэм кьагурыIуэнущ и усэу щащIым нэблагъэ зытригъэдза «Iуащхьэмахуэм» абы пщIэ зэрыхуищIыр.

«Литературэ щIэныгъэ. Критикэ» рубрикэр нэхъыбэу зыфIэгъэщIагъуэну кьыщыщIыхьэр щIэныгъэлIхэрщ е литературэм фIыуэ хэзыщIыкI, абы и лыкъу зэрищIам папщIэ» медалым и 1-нэ, 2-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр, «Урысейм и МВД-р илъэс 200 щрикъум и щIыхькIэ» медалыр.

2003 гъэм къратащ «МВД-м щыIэ лъэхъ зиIэ и лэжьакIуэ» бгъэхэлър.

Хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм илъэс щэщым щIигъукIэ щылэжьауэ, 2004 гъэм пенсэм кIуащ.

Ар сыт щыгъуи жыджэру хэтащ щалъхуа жылэм, машинэхуэху заводым, Урысейм и МВД-м и Краснодар академием Налшык щIэ къудамэм и спорт гъащIэм.

Даур Джэбрэил Мухьэмэд и къуэр цIыху гуапэу, гущIэгъуныуэ, хэти дэIэпыкъунэу хьэзыру дунейм тетащ. Абы къыщIэнащ къуэрэ пхъурэ, абыхэм къалъхужауэ цIыкIуий.

Ар зэи дигу ихунукъым.

И къуэшхэр, шыпхъуэхэр, бынхэр.

● Хъуэхъу

Сэрмакъ къуажэм щыщ Быгуэхэ Абубэчыррэ Хьэлимэтрэ зэрыхэдгъэпсэурэ мэкъуауэгъуэм и 4-м илъэс 50 ирикъуащ

Пщ Iэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфI Iумахуэхэу ди адэ-анэ, адэшхуэ-анэшхуэ пльапIэхэ!

Узыншагъэ быда фиIэу, фызэкъуэту, гъащIэм гу щыфхуэрэ абы и Iэфыгъэ псори зыхэфщIэу, фи быным, абыхэм кьащIэхъуэ щIэблэм я насыпым, екъулIэныгъэхэм фригушхуэу куэдрэ дяпэ Тхьэм фригъэт! Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ фи Iэпэгъуэу, фи цIыкуэгъэ инрэ фи пщIэмрэ нэмысымрэ лъагэу илъэс 50 хьуэуэ фыкьыщздогъуэгурыкIуэри, адэкIи гуапагъэр, гуфIэгъуэр, дэрэжэгъуэр кьывдекIуэкIыу, фи псэр зыщIэхъуэпс псомкIи Тхьэр кьыфхуэупсэу фи гъащIэр ефхьэкIыну ди гуапэщ.

Фи бынхэмрэ абыхэм я щIэблэмрэ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 6, *щIэбэт*

♦**Гуэлхэр, псыхэр гъэкъэбзэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысыбзэм и махуэщ**. Ар ООН-м Жылагъуэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэмкIэ и департаментым и жэрдэмкIэ ягъэващ 2010 гъэм, УФ-м щагъэлъапIэ 2011 гъэм кьыщыщIэдзауэ. Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм нэхъ кьигъэсэбэп бзиным ящыщу урысыбзэр, инджылызыбзэм, хьэрыпыбзэм, испаныбзэм, китаибзэм, франджыбзэм яхуэдэ дыдэу.

♦**Пушкиным и махуэр Урысейм щагъэлъапIэ**. 1799 гъэм къалъхуащ урыс усакIуэ, тхакIуэ щэджащэ Пушкин Александр.

♦**Украинэм журналистым и махуэр щагъэлъапIэ**

♦**Къэзахстаным и Финанс полицэм и махуэщ**

♦**Швецием иНыпым и махуэщ**

♦**Швейцариэм лъагэныгъэм и махуэр щагъэлъапIэ**

♦**1882 гъэм** США-м щыщ Сили Генри электрокъарукIэ лажьэ ету кьызэригупысам щыхьэт техьэу тхылъ иратащ.

♦**1922 гъэм** цIыхубэ комиссархэм я советым и унафэкIэ кьиузэрагъэпэщауэ щытащ литературэмрэ тхылъ кьыдэзыгъэкI Iуэхущ IанlэхэмрэИ я управленэ нэхъыщхьэр (Главлит). Къэралым 1990 гъэхэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм я зэманым зэбграгъуэтыщыкIыжауэ щытащ.

♦**1922 гъэм** кьыдэкIыу щIидзащ «Крестьянка» литературэ-художественнэ журналыр.

♦**1944 гъэм** етIуанэ фронтыр кьиузIуахащ.

♦**1945 гъэм** «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм и къару емыблэжу зэрылэжьам папщIэ» медалыр ягъэуэващ.

♦**1957 гъэм** къэралым щыяпэу Москва «Детский мир» тыкуэнхэр кьыщызэIуахащ. Сабий хъэпшыпхэр щащэ апхуэдэ тыкуэнхэр кьыкIэлыкIуэ илъэсхэм щылажьэ хъуащ СССР-м и адрей кьалэщхуэхэмри.

♦**1992 гъэм** Урысейм и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ Москва кьалэм и Iэтащхьэ Лужков Юрий зэригъэувым теуха унафэм.

♦Нэмыцэ тхакIуэ цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр 1929 гъэм зрата **Манн Томас** кьиузралъхуэр илъэси 145-рэ ирокъу.

♦«Спартак», «Гаянэ» балет цIэрыIуэхэр, нэгъуэщI куэди зытха ермэлы композитор, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Хачатурян Арам** кьиузралъхуэр илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткъ, Сталиным и цIэр ёзыриIэу яту щыта саугъэтыр 1951 гъэм зыхуагъэфащэ **Пельтцер Татьянэ** кьиузралъхуэр илъэси 116-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ пажэ **Апаж Ахьмэд** кьиузралъхуэр илъэс 80 ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Гъуазджэхэмкlэ Петровскэ академием и академик, УФ-м метеорологиемкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Кьалэ Хэжьбарэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 7, *тхьэмахуэ*

♦**Ерыскъыпхъэхэр щIыхуэм и узынщагъэм дежкIэ шынагъуэншэу щытыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и мелиораторым и махуэщ**

♦**Алтай Республикэм и конституцэр къыщащта махуэщ**

♦**Къыргъызым и финанс, экономикэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Испаниием щагъэлъапIэ Республикэм и махуэр**

♦**1340 гъэм** Голландием Роттердам кьалэм и лъабжьэр щагъэтIылъащ.

♦**1498 гъэм** Колумб Христофор ежьащ дунейр кьиузхикIухьыну, иджы ещанэу.

♦**1732 гъэм** Санкт-Петербург япэ ЩIымахуэ уардэунэм, пащтыхь гуащэ Иоанн ипхъу Анна хуахуам, и лъабжьэр щагъэтIылъащ.

♦**1775 гъэм** Колоние Зэгуэтхэм я цIэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэр жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦**1972 гъэм** Москва щыщIадзащ шыхэр зыщIэщIа гухэмкIэ цIыхухэр кьыщрашэкIыну гъущI гъэзгу ухуэнщ.

♦**1881 гъэм** Пушкин Александр и фэеплъ Москва кьыщызэIуахащ.

♦**1903 гъэм** франджы щIэныгъэлI Кюри Пьер Берлин кьалэм хэIущIыУ щищIащ полоний химие пкъыгъуэкIащ кьызэрихутащ.

♦**1919 гъэм** Нью-Йорк япэу щекIуэкIащ автомобилыр зегъэкIуным зэрыхуэхьэзырыр кьиузэращIыта экзаменхэр.

♦**1936 гъэм** КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и республикэ комитет кьиузрагъэпэщащ.

♦**1960 гъэм** Сауд Хьэрыпым цIыхубзхэр хуит щащIащ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну.

♦**2008 гъэм** Европэм футболымкIэ и чемпионатым щIидзащ. Ар Австриемрэ Швейцариемрэ щекIуэкIащ мэкъуауэгъуэм и 7-м кьыщыщIадзауэ мэкъуауэгъуэм и 29 пщIондэ. Абы щытекIуауэ щытащ Испанием и командэ кьыхэхар.

♦Уэрэджыкlакlуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Собинов Леонид** кьиузралъхуэр илъэси 148-рэ ирокъу.

♦Дзэ кьулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Мерецков Кирилл** кьиузралъхуэр илъэси 123-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, усакIуэ-уэрэдус, драматург, актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Арканов** (и унэцIэ дыдэр **Штейнбокщ**) **Аркадий** кьиузралъхуэр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткъ **Лавровэ Татьянэ** кьиузралъхуэр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, драматург, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хьусен** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ адыгэ тхакIуэ, Нобель саугъэтым литературэмкIэ и лауреат 2006 гъэм хъуа **Памукъ Орхьэн** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Тэтэр Анатолий** и кьызэралъхуэр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Урысей тхакIуэ **Донцовэ Дарье** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкlакlуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Маршал Александр** (и унэцIэ дыдэр **Миньковщ**) и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисисткъ, 2016 гъэм Рио-де-Жанейро (Бразилие) щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэм щытекIуа **Макарова Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 8, *блыщхьэ*

♦**Хьыхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ Социальнэ лэжьакIуэм и махуэр**. 1701 гъэм Пётр Езанэм унафэ кьыдигъэкIащ зэхьмыщIауэ псэухэм, сымаджхэм, жьы хъуахэм щыкъэгъэзыпIэ яхуэхъун унэхэр кьызэIухыным теухуауэ. Унафэм кьигъэувыр зи щхьэ сэбэп хуэмыхуэжьафэ цIыхуипщI кьэс зы кIэлэпIыпIу а унэхэм щыпэжьэн хуейуэ. Абдеж кьыщежьащ цIыхухэм социальнэу защIэгъэкъуэным хуэгъэпса Iэнатlэр.

♦**Карелие Республикэм и махуэщ**. 1920 гъэм кьызэрагъэпэщащ иджырей республикэм лъабжьэ хуэхъуэ Карелие лэжьакIуэбз коммунэр.

♦**УнэльащIэ зыщыным и махуэщ**

♦**1786 гъэм** дунейм щыяпэу Нью-Йорк и тыкуэнхэм морожнэ кьыщIалъхьащ.

♦**1815 гъэм** Польшэм и щIыналъэр, кьанэ щIагъэу щымыIэу, Урысей империем кьыхэхъэхьащ.

♦**1824 гъэм** Канадэм щыщ Кашинг Ноа зэрыжьыщIэ машинэ кьиузэрагупсысам щыхьэт техьэу дэфтэр ираташ.

♦**1843 гъэм** Урысейм и пащтыхь Николай Езанэм и унафэкIэ Урысейм щыщIадзащ Петербургрэ Москварэ зэпызыщIыну гъущI гъэзгу ухуэн. Абы куэдрэ «Николаевскэ гъущI гъэзгу» жаIэу еджащ, иджыпсту Октябрьскэ цIэр зэрехь.

♦**1869 гъэм** США-м щыщ Макгаффи Айвз сабэщIэп зэрызэпкърилъхьам щыхьэт техьэу тхылъ ираташ.

♦**1934 гъэм** Женевэ Iэ щытрадзащ СССР-м, Румынием, Польшэм я къэрал гъунапкъэхэр зэрабзыхуам теуха зэгурыIуэныгъэм.

♦**1940 гъэм** хэIущIыIу ящIащ нептуний элементыщIэр кьиузрахутар.

♦**1943 гъэм** налшыкдэс интеллигенцэм фашистхэм я бийуэ пэкIу ирагъэкIуэкIащ.

♦**1946 гъэм** Журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр кьиузрагъэпэщащ.

♦**1946 гъэм** Инджылызым и кьалащхьэ Лондон Текlуэныгъэм и парад щекIуэкIащ, фашист Германиемрэ Япониемрэ етIуанэ дунейпсо зауэм зэрыщыхагъэщар ягъэлъапIэу.

♦**1958 гъэм** СССР-м футболымкIэ и команд хьэхэар япэу хэтащ дунейпсо чемпионатым.

♦**1966 гъэм** СССР-м кьыщызэрагъэпэщащ Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъэр хьумэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

♦**1988 гъэм** кьащтащ «СССР-м кооперацэм зыщегъэужьыным теухуауэ» законыр. Абы хьэрычэтыщIэхэр я щхьэ хуэзэжьыну хуит ищIыт.

♦Урыс суэрэтыщI Iэзэ, критик **Крамской Иван** кьиузралъхуэр илъэси 183-рэ ирокъу.

♦КъхъухлъатэзехуэIэзэ дыдэу щыта, Совет Союзым щэнейрэ и ЛIыхъужь **Кожедуб Иван** кьиузралъхуэр илъэси 100 ирокъу.

♦«ЩIоблащIэ гвардие» щэхурыпажэ щIалэгъуэлIэ партизан зэгухьэныгъэр Краснодон кьыщыззэзыгъэпэщаужи яхэта, абы и унафэщIу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр (эхкIуадэу) зыфIаща **Кошевой Олег** кьиузралъхуэр илъэс 94-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, Урысей артиадэм и лауреат, радиожурналист **МахуэлI Хъаджэт** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Эверест къуршым тIэнчийрэ дэкIа адыгэ бзыльхугъэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэз Каринэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуащхьэ:

Дыщэр къэзыгъуэт кIэнщыгъулъэ иредзэ.

Жамбей Мафрузэ. 2020 гъэ

И унагъуэр и гъусэу. 1962 гъэ

«Дыщэм хэс нэхърэ – нэхъыжь зыбгъэдэс» жызыІа Іущым игъэунэхуагъэнт а зэригъапщэхэм яку щызеуэ жьыІэхыу. УкъыІзыхуэтыншэми, узеиншэ зэпэхьурейщ, жьэгум уифІ щыгуфІыкІын дэмысрэ, унэм - уи дагъуэ иІуэгъэпІъэжьын щыпхуэмыпІыырмэ...

НАЛШЫК къалэ и зы хьэблэ щыкІу иджыпсту къыщоблэ Жамбейхэ Мафрузэ и щхьэгъубжэ нэхуэрэ. Бэыльхугъэ хьэлэмэтыр нэхъыбІэуэм къызэращІэр – Мафрузэ Бэбизовнэ щІэ зэрыІыгъырщ. Гъэ 90 зи жьжьагъ ГъэгУанэм и щІэпэныкъуэр егъэджакІуэу къихьащ абы. Мафрузэ сепсэлъыпІэну си нэ къыщІикІым щхьэусыгъуитІ иІэщ. Ятпэ - лІэщІыгъуитІ хэпсэуа щІыхуэм махуэ къэс даІущІэркъым. ЕтІанэрщи, илъэс 50 хьуэуэ «Адыгэ псалъэм» и щІэджакІакІуэщ ар.

Жамбейхэ ятпхъуу Жыращхэ я нысэр и ныбжь хузэмыфащэу зэрыжаным Іэрыпсэуэжу дыщыгъуаззэт. Жалэрт тхылькфІ и нэкуІапІэу, гукІэ уса куэд ищІэу. НтІэ, си нэкІэ сльэгъуаращи, Мафрузэ щІалафэ дыдэщ, лъэжанщ, нэхъ гъэщІэгъуэныжьыр - зэрыб «хьэпІащІэщыгъэм» нэгъуджэжьыщ щІоджьыкІ. Бзыр нэгу зэлъыІухуаэ нэфІягуфІэщ, «фызыжь бзаф» жысІэнут, ауэ... фызыжькъым ар. Жьыгъэ зэІар сыхьэт ныкъуэкІэ тхылъымпІэншэу усэ къыпхуеджэфр? Хэту пІэрэ «Къамботрэ Лацэрэ» къыщІыжьыгъ гукІэ зыщІэр? Мафрузэ къыщІыуэрк1ым

Хэку зауэшхуэм ипэІуэкІэ ди колхозыр гъаворэ пхъэщхьэмыщхьэ-хадзэкІкІэ кьулеящ. Къуэгъуэлъхьеуфэсхэм ІэмпІ и тхъур щхьэ-пхъэнэт ар! Сльагъу хуэдэщ, лъагэу дэщІея гучохэм къащхьэдэгуКъриехьу ди адэ-анэм я трудоеныр гуищ-гуиплІкІэ пщІантІэм къызэрыхущхьэжьыр ... Изт ди фоужь кхъуэщынхэр, зэпэубыдатэкъым ди фоущІэр. Дыщэплъ Іуву яет ди сэхуран дагъэр. Пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуарэ хадзэкІ фІэІуГъэкІэ гуныкъуэгъуэ диІэтэкъым. Трудоеныр пщІэнтІэпс хьэлэлэм и кьабзэти, кІэухынщэу кьуэуат. Апхуэдизу бэвыльэу зи мэкъумэщ зэщІэзыхьхэ къэралышхуэм хамэ нэфЗягъуэ кІыхьэрэІэри бгъэщІагъуэ зъунукъым. Дунейр зэрирухэрэ кьыдэжІэрахьэу хабзэжьщ ар, таурыхьэри абыкІэ щІыхьэтщ: мэшыбз зыщІэм жагъуэгъунэ и бзэщ... А сабиигъуэ лъапэнэхум иджьпстуи кьыСхухоплъ ди пщІантІэшхуэм и удзэпщІэ псыІэр, щІым дыубгъу арджэнхэм я тхьипхъэхэр.

ПщыхьэщхьэкІэрэ (унэ - хадэ - Іэщ Іэхуэхэм дакъыІэзрыдэхуэу) удзыпщІэм дыкІуэрт, Бэбызэ мыгъуэр къытхэтІысхьэжьрти, таурыхь Іущрэ хъыбар пэжрэ ущІздэІунумэ, кьеблагъэ! Ди адэр псысэм пІащІэрытхъытхъыу ирижэртэкъым. Гъэхуат абы и гупсысэр, купщІафІэт и жьыгъэуэ кІэщІкэр. Бэбызэ сыт къимыІуэтэжьи, а зи гугъу ищІым и купсэкумылэр гъэнщІыгъуэу иукъэбзурэ, кьыззрыдгурыІуар кьипщытэт. Адда пасэу, иджьпри дысабийуэ къытІухуащ фІым и къару кУщІыр; гуащІэдэкІым и гупсэ дагъэр.

Бэбызэ дигъэІущыщрт: «Сыт хуэдэ гугъусыгъу гъащІэм къыфІимигъэІтьлъмаи, фыбгъунльэу фимыщІоазэу фымышзс. Ізыхуемыджар - Іэщ Іагъэкъым. Сом фейдэр щІэнигъэншэм и нэщІипхъуэщ. ЩІэныгъэншэр хьэсэпэ кІэщІщ, гуфа-щІэхами зэгуэр къыщІэхъэнущ. ГъащІэр, гъадэм елъытауэ, напщІэ хэлъэтыгъуэщ, напэрщи - текІыгъуэ закъуэщ. Феджэ. ЩІэныгъэр лъэщщ...»

Ди адэм и псалъэр тхуми гуъаззу тІыгъащ. ДыцІэнтхъуакъым сомым и хьэтыркІэ. Пэжым зэманри фІолІыкІ. Бэбызэ къыдджиІар пэжт.

Нобэ хуэдэу кьэзощІэж Хэку зауэшхуэр къыщыхъеяр. Бэбызэ щэнейрэ военкомым елъэІуат зэрыщытар.

... КъуГуэлъхьеуэ сыщалъхуат 1930 гъэм. Си адэ Жамбей Бэбызэ колхоз клэдзвышет, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ лІыт а зэманым и мардзэкмкІэ: бзэхэм хуэщэрыуэу, и есэпыр гурыхуэу. Си анэр Кьэжэр Мэжид ефэндышхуэм ипхъуащ. Анэш даддэр ерджагъэшхуэти, мыдрысэм щІэблэр щІэныгъэм щыхуиузэщІырт. А лъэхъэнэм нэгъуащІ ещжанІэ мыбы щыІакъым-тІэ. Кьэжэр Мэжид и сурэтышхуэр зы зэман фІэлъу щытащ мо «ХьэтІохуэцкъуэ и хадэ» ихьэпІэм. ПщІэрэ фІэлІыкІрэ зиІэ щІэныгъэлІу, дин лэжьакІуэ щыпкъэу кьэгъуэгурыкІуащ си анэш даддэр.

Жамбейхэщи, си адэ Бэбызэ щІэныгъэпсэт. Ар зыщІэджыкІар Іэмал зэриІэкІэ (жьэрыІуатэу нэхъ мыкъуми) быным къытхилъхьэжьрт. Шыпхъуищэ зы дэпхъуэ сиІэти, тхуми ди щІэныгъэ лъабжьэхэр кьыщежьар КьуГуэлъхьеуей еджанІэрщ.

Мафрузэ щІалафэ дыдэщ, лъэжанщ, нэгъуащІ щыгуфІэгъэныжьыр – зэрыб «хьэпІащІэщыгъэм» нэгъуджэжьыщ щІоджьыкІ. Бзыр нэгу зэлъыІухуаэ нэфІягуфІэщ, «фызыжькъым дахэ» жысІэнут, ауэ... фызыжькъым ар. Жьыгъэ зэІар сыхьэт ныкъуэкІэ тхылъымпІэншэу усэ къыпхуеджэфр? Хэту пІэрэ «Къамботрэ Лацэрэ» къыщІыжьыгъ гукІэ зыщІэр? Мафрузэ къыщІыуэрк1ым

Хэку зауэшхуэм ипэІуэкІэ ди колхозыр гъаворэ пхъэщхьэмыщхьэ-хадзэкІкІэ кьулеящ. КъуГуэлъхьеуейдэсхэм ІэмпІ и тхъур щхьэ-пхъэнэт ар! Сльагъу хуэдэщ, лъагэу дэщІея гучохэм къащхьэдэгуКъриехьу ди адэ-анэм я трудоеныр гуищ-гуиплІкІэ пщІантІэм къызэрыхущхьэжьыр ... Изт ди фоужь кхъуэщынхэр, зэпэубыдатэкъым ди фоущІэр. Дыщэплъ Іуву яет ди сэхуран дагъэр. Пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуарэ хадзэкІ фІэІуГъэкІэ гуныкъуэгъуэ диІэтэкъым. Трудоеныр пщІэнтІэпс хьэлэлэм и кьабзэти, кІэухынщэу кьуэуат. Апхуэдизу бэвыльэу зи мэкъумэщ зэщІэзыхьхэ къэралышхуэм хамэ нэфЗягъуэ къызэрелъаригъэ бгъэщІагъуэ зъунукъым. Дунейр зэрирухэрэ кьыдэжІэрахьэу хабзэжьщ ар, таурыхьэри абыкІэ щІыхьэтщ: мэшыбз зыщІэм жагъуэгъунэ и бзэщ... А сабиигъуэ лъапэнэхум иджьпстуи кьыСхухоплъ ди пщІантІэшхуэм и удзэпщІэ псыІэр, щІым дыубгъу арджэнхэм я тхьипхъэхэр.

ПщыхьэщхьэкІэрэ (унэ - хадэ - Іэщ Іэхуэхэм дакъыІэзрыдэхуэу) удзыпщІэм дыкІуэрт, Бэбызэ мыгъуэр къытхэтІысхьэжьрти, таурыхь Іущрэ хъыбар пэжрэ ущІздэІунумэ, кьеблагъэ! Ди адэр псысэм ПІащІэрытхъытхъыу ирижэртэкъым. Гъэхуат абы и гупсысэр, купщІафІэт и жьыгъэуэ кІэщІкэр. Бэбызэ сыт къимыІуэтэжьи, а зи гугъу ищІым и купсэкумылэр гъэнщІыгъуэу иукъэбзурэ, кьыззрыдгурыІуар кьипщытэт. Адда пасэу, иджьпри дысабийуэ къытІухуащ фІым и къару кУщІыр; гуащІэдэкІым и гупсэ дагъэр.

Бэбызэ дигъэІущыщрт: «Сыт хуэдэ гугъусыгъу гъащІэм къыфІимигъэІтьлъмаи, фыбгъунльэу фимыщІоазэу фымышзс. Ізыхуемыджар - Іэщ Іагъэкъым. Сом фейдэр щІэнигъэншэм и нэщІипхъэщ. ЩІэныгъэншэр хьэсэпэ кІэщІщ, гуъа-щІэхами зэгуэр къыщІэхъэнущ. ГъащІэр, гъадэм елъытауэ, напщІэ хэлъэтыгъуэщ, напэрщи - текІыгъуэ закъуэщ. Феджэ. ЩІэныгъэр лъэщщ...»

Ди адэм и псалъэр тхуми гуъаззу тІыгъащ. ДыцІэнтхъуакъым сомым и хьэтыркІэ. Пэжым зэманри фІолІыкІ. Бэбызэ къыдджиІар пэжт.

Нобэ хуэдэу кьэзощІэж Хэку зауэшхуэр къыщыхъеяр. Бэбызэ щэнейрэ военкомым елъэІуат зэрыщытар.

... КъуГуэлъхьеуей сыщалъхуат 1930 гъэм. Си адэ Жамбей Бэбызэ колхоз клэдзвышет, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ лІыт а зэманым и мардзэкмкІэ: бзэхэм хуэщэрыуэу, и есэпыр гурыхуэу. Си анэр Кьэжэр Мэжид ефэндышхуэм ипхъуащ. Анэш даддэр ерджагъэшхуэти, мыдрысэм щІэблэр щІэныгъэм щыхуиузэщІырт. А лъэхъэнэм нэгъуащІ ещжанІэ мыбы щыІакъым-тІэ. Кьэжэр Мэжид и сурэтышхуэр зы зэман фІэлъу щытащ мо «ХьэтІохуэцкъуэ и хадэ» ихьэпІэм. ПщІэрэ фІэлІыкІрэ зиІэ щІэныгъэлІу, дин лэжьакІуэ щыпкъэу къэгъуэгурыкІуащ си анэш даддэр.

Си гъащІэр зи бгъуагъ-кІыхьагъ гугъу сехьауэ щытмэ, зауэмрэ зауэ нэужь лъэхъэнэмрэ сщызыигъэгъупщэн нэгу Іыхьэ къыхуэтеуэм кІуэщІ. Гъаблэр. Мэз хьэщхьэтеуэм кІуэщІ. ЩытырыгъуР. ЩІышылэ ГъэсэныпхъэхуэрэщІихулыкІ щыфэ хъуэтым дзакъэуРэ щІихулыкІ щыфэ щыгъыныджэр. Гъэ дытекъэрти, жэм уэдыкъуэ мыГуэжьыр щІэукІуриикІрэ, сабий лъэкІэн гъурыр – пхъэІэщэжьу, дывакІуэт.

Си гъащІэр зи бгъуагъ-кІыхьагъ гугъу сехьауэ щытмэ, зауэмрэ зауэ нэужь лъэхъэнэмрэ сщызыигъэгъупщэн натІэ Іыхьэ къыхуэтеуэм кІуэщІ. Гъаблэр. Мэз хьэщхьэтеуэм кІуэщІ. ЩытырыгъуР. ЩІышылэ хьэтым дзакъэуРэ щІихулыкІ щыфэ щыгъыныджэр. Гъэ дытекъэрти, жэм уэдыкъуэ мыГуэжьыр щІэукІуриикІрэ, сабий лъэкІэн гъурыр – пхъэІэщэжьу, дывакІуэт.

Нэхулъэ къишщІыр. Ди пщІантІэм иджьы щІынэрылъагъут КъуГуэлъхьеуей жылэм нэмыцэ щырыкъу зэрыщІэсемыкІыр. ПІащІэгъэкІэ щтапІэ ильъэджакъэм я ГуэмылІэ гъэтІылъыгъэр къызыхуэна сабийжэм ди дуней ІутІыжьт иджьы!

1942 гъэм щІэгъуагъуэу здырилъэфащ а ильъэсщІэ жэщыр, арщхьэкІэ иджьри егъэлеиуэ задэт зауэкІэр. ДяпэкІэт гугъум и Іэтыгъуейр къыщытпэлъэр: зауэр зыпхъкІа лъаxэм и хьэзабыр, ибзу къэна сабийхэм я мэкъумэщэр. Ильъэсрэ щІыгъ я жьалыгъэ фызэбэ Іэпщэмрэ сабий кІэнтІыумрэ къащыгъуГ вагъэщІапІэхэр.

Си гъащІэр зи бгъуагъ-кІыхьагъ гугъу сехьауэ щытмэ, зауэмрэ зауэ нэужь лъэхъэнэмрэ сщызыигъэгъупщэн натІэ Іыхьэ къыхуэтеуэм кІуэщІ. Гъаблэр. Мэз хьэщхьэтеуэм кІуэщІ. ЩытырыгъуР. ЩІышылэ хьэтым дзакъэуРэ щІихулыкІ щыфэ щыгъыныджэр. Гъэ дытекъэрти, жэм уэдыкъуэ мыГуэжьыр щІэукІуриикІрэ, сабий лъэкІэн гъурыр – пхъэІэщэжьу, дывакІуэт.

Нэхулъэ къишщІыр. Ди пщІантІэм иджьы щІынэрылъагъут КъуГуэлъхьеуей жылэм нэмыцэ щырыкъу зэрыщІэсемыкІыр. ПІащІэгъэкІэ щтапІэ ильъэджакъэм я ГуэмылІэ гъэтІылъыгъэр къызыхуэна сабийжэм ди дуней ІутІыжьт иджьы!

1942 гъэм щІэгъуагъуэу здырилъэфащ а ильъэсщІэ жэщыр, арщхьэкІэ иджьри егъэлеиуэ задэт зауэкІэр. ДяпэкІэт гугъум и Іэтыгъуейр къыщытпэлъэр: зауэр зыпхъкІа лъаxэм и хьэзабыр, ибзу къэна сабийхэм я мэкъумэщэр. Ильъэсрэ щІыгъ я жьалыгъэ фызэбэ Іэпщэмрэ сабий кІэнтІыумрэ къащыгъуГ вагъэщІапІэхэр.

СИ

● Шхыныгъуэхэр

КIэртIоф пIастэ

Шыуанкlэ тхъу ягъэплъ, абы халъхьэ тыкъыр цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ, зэлащIэурэ шыбжий хаудэри, мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъэлыбжьэ. Абы кIэртIоф укъэбзар халъхьэ, псывэ щIакlэ, шыгъу тIэкIу хадэри шыуанащхьэр тепIауэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Шыуаныр пэшхьэкъм кIыграмыхьэу мафIэр ягъэункIыбIри, кIэртIофыр пщтыр щIыкlэ, къыркуэ хэмылъу яуб. МафIэр щIагъэнэжри, кIэртIоф пIастэм зэлащIэурэ, шэ щIэмыкъу гъэпщта хакlэ. Шыуаныр пэшхьэкъм къытрахыж. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж кIэртIоф пIастэр пщтыру тепщэчым иралъхьэ, абы и щIыIум шатэкlэ щIа бжьныкъу шыпс, джэдгын хэлъу траклэж. ПIастэ, щIакlхъу, лэкъум дашх.

Халъхьэхэр ((цIыхуитку Iыхьэ): кIэртIоф укъэбзауэ - г 1000, зэрагъэвэну псыуэ - г 400,тхъуэу - г 60, шэ гъэпщтауэ - г 150, шатэу - г 300, бжьныщхьэ укъэбзауэ - г 80, бжьныху укъэбзауэ - г 30, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - уэхуэйм хуэдизэ.

Адыгэ лы гъэжьэкIэ

Лыпцlэр зэпаупщI г 35-40 хъуэу. Адыгэ бжьын плъыжь цIыкIур яукъэбз, быри бжьынри псы щIыIэкlэ ятхъэщIри, дзэку тепщэчым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хаудэри, фIыуэ зэIащIэж. И щхьэр тепIаэу щIыIапIэм деж щагъэт дакъыкъэ 15-20-кIэ. ИтIанэ лы тыкъыр цIыкIуэхри бжьынри хъыдан гъущжкlэ ялъэщI. Щагъэжьэнум и деж ягъэщIыкlэ дзасэм лы тыкъыр фIалъхьэ, итIанэ бжьын псо, апхуэдизурэ дзасэм фIэз ящI. И кIэ дыдэм фIэлъын хуейр лы тыкъырщ. Пхъэ мафIэ дэпкlэ, дзасэр ягъэкIэрахъуэурэ, ягъажьэ, быр хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъухукlэ. Дзасэм къыфIалъэфри, пщтыру тепщэчым иралъхьэ. Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакъхъуэ. Шэ хуабэ трафыхьыж. Сэбэпышхуэ яхуохъу псчэрейхэм, Iупс бзаджэ зиIэхэм, щIыIэ зыхьыхьахэм.

Халъхьэхэр ((цIыхуитI Iыхьэ): мэпылу - г 250, адыгэ бжьын плъыжь цIыкIуу - г 150, шыгъуу, шыбжийуэ - уэхуэйм хуэдизэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● ЗэвгъащIэ

Къуалэбзухэм я цIэхэр

Ворона чёрная - Къуагъэ, къуагъ, къолэжь
Голубь скалистый - Къыртхьэрыкlуэ
Гуменник - Къаэфlыцlащхъуэ
Гусь серый - Губгъуэкъаз
Дятел пёстрый малый кавказский - Жьгыуlужьей
Жаворонок рогатый тундряный - Уэсхьэгуагуэ
Журавль канадский - Канадэ къру
Зуек малый - Ныбэхубзу, пшахъуэбзу
Конёк лесной - КъуацащIэж
Крачка белокрылая - Псытхъэрыкlуэдамэху
Куропатка тундряная - Къуршадэжьынэ
Лунь степной - Жьец, мэкъупIэжьец
Московка - ЦIыжьдадэцIыкIу
Мухоловка полуошейниковая - ЖьыкъанфlыцIэ
Нырок красноносый - Бабыщпэплъ.

Мамрэш Светланэ

● Гъуазджэ

«Аиссе» фильмыр мэкъуауэгъуэм техын щIадзэ

●АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубз тхакIуэ Мэшбащlэ Исхьэкъ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Аиссе» тхыдэ романым ипкъ иткIэ трахыну кином елэжьын мы махуэхэм щIадзэ.

●Фильмым и режиссёр нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Муратов Александрщ, сценарийр зытхар Сафинэ Маринэщ.

●Роль нэхъыщхьэр зыгъэзэщIэнур Нарткъалэ къыщалъхуа, Москвадэт «Гоголь-центр» театрым и актрисэ Мамрэш Светланэщ.

●Фильмыр Адыгэ Республикэм, Санкт-Петербург къалэм щытрахынущ, итIанэ Тыркумрэ Франджмрэ щыпащэнущ.

● Продюсер нэхъыщхьэр Адыгеим и президенту щыта Щэумэн Хьэзрэтщ, абы доллар мелуан Iуэхум хухихащ.

●Кинор зытращIыкIа романым лъабжьэ хуэхъуар тхыдэ Iуэхугъуэ щхьэкIэ, иджырей мардэхэм изагъэ сюжету щытыну жаIэ тезыхьхэм.

● ФщIэуэ пIэрэ?

Колумбием и Черкасия

Черкасия (Circasia) зи фIэщыгъэцIэ къалэ Колумбием и ищхъэрэ лъэныкъуэм щыIэщ, Quindio щIыналъэм хиубыдэу. ЗэрыжаIэмкlэ, нэхъапэм а къалэм зэреджэу щытар La Plancha, ауэ иужькlэ, а лъэхъэнэм щымыIэж Шэрджэс къэралыгъуэм и хъыбарыр зэхаха нэужь, Черкасия фIащащ.

Къалэр 1884 гъэм къэунэхуащ, Шэрджэс къэралыгъуэр зэрыкъутэжрэ илъэс 20 дэкIаяэ.

● Псалъэжьхэр

Нэ илъагъу нэ ещIэж

●Бзум ямыфэгъум си мэш ешх.
●Бийм и пIалъэр ущыIущIэщ.
●Гъусэ мыхъурэ Iэщэ мыхъурэ.
●Дыгъужьым лы игъуэтмэ, псы игъуэтыркъым.
●Дзэр узынщэху, шхалъэм зегъэпсэху.
●ЖамыIа щыIэкъым, ямыщIа мыхъумэ.
●Нахуэу зыщамыщэм щхъуу сату щащI.
●Жанхъуэтхъэлъ къафэу къытрегъэзэж.
●Зил мыуэм игу узыркъым.
●МафIэнэшэри гъавэнщэри зэлъытащ.
●Зумыхьэри уимыIэри зыщ.
●ИмыIэфI щыгугъым и выфIитI фIокIуэд.
●Ин дыдэхэми надэ къахокI.
●Нэ илъагъу нэ ещIэж.
●Псы Iуфэм Iусыр есыкIэкIэ Iэзэщ.

♦ Холестерин зи куэдым нартыхум къыхэщIыкIа шхыныгъуэ куэд ишхыреймэ, холестериныр мащIэ ещI, лъпкъ-лъэпкъым хэлъ лейрикъуехеху.
♦ Лы щIынэм мэ къимыщтэн щхьэкIэ адыгэхэм фо щахуэду щытащ.
♦ Мыващхъуэр къущхьэхъуэ кърахырт. Ёзы мывэр папщIэ цIыкIуу щытщ. Ар сапэкIэ этхъунщIырт, сабэм хуэдэу къытекIар уIэгъэм трагъэщащэрти, хъужырт.
♦ КIэртIофым къыхэщIыкIа шхыныгъуэ куэд зышхыр пшэр мэхъу.
♦ Iэщышхуэ, Iэщ цIыкIухэм яI гъэвар щащхкIэ адыгэхэм бжьныхуэ быпсым пIастэ ирагъэпщIыркъым, ирагъэпщIыр лыраш.
♦ ЩIалэ къыхуалъхуамэ, фокIэ пщауэ хугу хьэжьы-гъэ яшхырт, щIалэр гъур мэхъу жаIэрти.
♦ ХьэлIамэ кIупIинэм хуабэу шэ, шху дэщIыгъуу щIэх-щIэхыурэ пшхымэ, абы Iэпкъльэпкъыр егъэкъабзэ, напIэ зэлъахэри егъэхъуж.
♦ Лъыр зи мащIэ цIыхум щынэ цIыкIу хуаукIырти и тхьэмщIыгъур хуабэу кърахт, тыкъыр цIыкIуу яупщIатэрти имыгъэнщIкIуу ирагъэгъэлъэтэхырт. Хуэмышхыу Iумпэм ищIмэ, ягъэвэпхъырт.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Унэгуащэхэм папщIэ

Шэ, шху дэпшхреймэ...

гъэ яшхырт, щIалэр гъур мэхъу жаIэрти.
♦ ХьэлIамэ кIупIинэм хуабэу шэ, шху дэщIыгъуу щIэх-щIэхыурэ пшхымэ, абы Iэпкъльэпкъыр егъэкъабзэ, напIэ зэлъахэри егъэхъуж.
♦ Лъыр зи мащIэ цIыхум щынэ цIыкIу хуаукIырти и тхьэмщIыгъур хуабэу кърахт, тыкъыр цIыкIуу яупщIатэрти имыгъэнщIкIуу ирагъэгъэлъэтэхырт. Хуэмышхыу Iумпэм ищIмэ, ягъэвэпхъырт.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Махуэгъэпс

Мазэхэр

Адыгэхэм зэралъытэмкlэ, илъэсым и пIалъэхэр зэрызэблэкIынур зыпыщIар Вагъуэбэрт. Ар щIым къыщIыхэкIым и деж (гъатхэпэм и 21-22) гъатхэр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, адыгэ илъэсыщIэр кьиубэрт.

Гъатхэм хеубыдэ гъатхэпэм щыщу махуи 9, мэлыжьыхьым - махуэ 30, накъыгъэм - махуэ 31-рэ, мэкъуауэгъуэм махуэ - 22-рэ.

МэкъумэзыщIэр иужь итт гъатхэм мыбэлэрыгъыным. Ижь-ижьыж лъандэрэ жаIэ: «Гъатхэ махуэ гъэ егъашхэ».

Адыгэхэм, щхьэж зыщIипсэу щIыналъэм езэгъыу, дэтхэнэ зи чэзу Iуэхур щегъэкIуэкIын хуейм теухуа махуэгъэпси яIэу щытащ. Псалъэм папщIэ, дэтхэнэ мэкъумэш къэкIыгъэри щытесэн хуей, вакIуэ дэкIыгъуэ, мэкъауэгъуэ зэманхэм ехьэлIауэ. Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъа-мэ (мэкъауэгъуэм и 21-22), гъэмахуэм щIидзэрт. Гъэмахуэр псори зэхэту махуэ 92-рэ мэхъу. Абыхэм хохьэ мэкъуауэгъуэ мазэм щыщу махуи 8, бадзэуэгъуэ мазэм щыщу махуэ 31-рэ, шыщхьэуIу мазэм щыщу махуэ 31-рэ, фокIадэм - махуэ 22-рэ.

Гъэмахуэр мэкъумэш лэжьыгъэхэм щигуащIэгъуэ лъэхъэнэщ.

Хьэсэхэр, пщIанэхэр къабзэу зехьэн хуейщ. Абы и закъуэкъым, атIэ къэкIыгъэхэм я бий псоми - хьэпIащхьэхэм, узхэм -ебэнын хуейщ. Адыгэ мэкъумэшыщIэ мазэхэр зэгъэпсымкlэ, гъэмахуэ махуэ 92-р мы къэкIуэнум хуэдэу гуэшащ: бадзэуэгъуэм и 17-м гъэмахуэ шылэр къохьэ - ар махуэ 40 мэхъу, шыщхьэIум и 22-м еух. Абы иужькlэ иджыри фокIадэм и 22 пщIондэ гъэмахуэщ. КъыкIэлъыкIуэу, вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хыхьамэ (жэпуэгъуэм и 21-22), бжьыхьэр къэсауэ ялъытэрт.

Мы лъэхъэнэр мэкъумэшыщIэм и зэман нэхъ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ. Гъэ псом къагъэкIар, къагъэхъуар къыщархьэлIэж мазэхэщ. Ари махуэ 91-рэ мэхъу. Абы хохьэ фокIадэм щыщу махуи 8, жэпуэгъуэр зэрыщыту, махуэ 31-рэ, щэкIуэгъуэр - махуэ 30, дыгъэгъаазэм щыщу махуэ 22-рэ. Адэкlэ Вагъуэбэр щIым хыхьэжу ябж. Ар тохуэ дыгъэгъаазэм и 21-22 махуэм, абы щыгъуэ щIымахуэр кьиубэу ялъытэ. ЩIымахуэр махуэ 90 мэхъу. Абы хохьэ дыгъэгъаазэм щыщу махуи 9, щIышылэ мазэр зэрыщыту, махуэ 31-рэ, мазаер - махуэ 28, 29-рэ хъуэу,гъатхэпэ мазэм щыщу махуэ 22-рэ.

ЩIымахуэ шылэр къохьэ щIышылэм и 17-м. Ар махуэ 40 мэхъу. Шылэр еух мазаем и 23-м. Абы иужькlэ аргуэру махуэ 25-кIэ щIымахуэу щытщ.

Мы къызэрыдгъэсыгъуэм хуэдэу зэхэлъщ адыгэ мэкъумэшыщIэм и илъэс махуэгъэпсыр. Гъэр къызэрыкIуэм, дунейм и щытыкIэм елъытауэ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм я лэжьыгъэр зэтраухуэрти, я Iэхур тэмэму дэкIт.

КъайхъулIэрт, сыт хуэдэ гъэми и шыфэлIыфэм, и къэкIуэкIэм елъытауэ мэкъумэшыр ящIэрти, Iэшыр зэрахьэрти. Абы хэм я гъащIэ псор «щIэщIауэ» яхьырт, зыгуэру темыплъэкъукIын папщIэ. Адыгэ мэкъумэшыщIэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкIа махуэгъэпсыр ноби гъавэ зыщIэхэм, Iэщ зыгъэхъухэм икъукIэ щхьэпэ яхуэхъунущ.

● Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр

Бжьыныху

ЩIымахуэм щыпIауэ бжьныщхьэ хэплъхьэращ кIыгу къызыпидзэу жылэ зыщIыр.

Бжьыныхущэху - Гусиный лук полевой. Илъэс бжьгъэкlэ кIэкI бжьныныхуэм я лъэпкъщ, къэкIыгъэ лъахъшэ цIыкIуц. И гъэгъа гъуэжьыфэхэр, Iорамэ хъурей щIыкIэу зэхэту, удз щхьэкIэм гъэмахуэм кьипедзэ. Нэхъыбэу ущрохьэлIэ мэкъупIэхэм, дыгъафIэ джабэхэм, губгъуэхэм. Адыгэхэм хущхъуэу кьагъэсэбэп.

Бжьныхущхьэхъурей - Чеснок обыкновенный озимый. Бжьныхуэ лIэужьыгъуэщ. Гъэмахуэкlэм е бжьныхьэм пасэу кьыхуяныхьыжкъэ, мэкIуэсэж. Гъатхэр кьихьэн и пэ уэс щIагъым кьыщцIыкIыу щIедзэ. Гъэмахуэм кIыгу кьипедзэри, бжьныхьэм жьлэхэр пасэу мэхъу. Ахэр, и зэманым пумычыжмэ, полъэлъыжри, щIым йокIых, гъатхэм пасэу къэкIын ирегъажьэ. Мы бжьныныхуэ лIэужьыгъуэм и щхьэр дзэ цIыкIу зыбжанэу зэкIэщIэсхьым, адрей-хэм хуэдэу. Дауи, аращ апхуэдэ цIэи щIигъуэтар.

ХЬЭКЪУН Барэсбий.

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **1**. Жыг закъуэ ... хъуркъым. **3**. Iэщ цIыкIу егъэзыпIэ. **5**. Жэм мэжзIлам и ... макъ къэIуащ. **8**. Хъэцэпэцэ къэкIыгъэ. **9**. Дзэлыкъуэ щIынальэм щыIэ кьуажэ. **10**. Мэжджытым хэтщ ... джапIэ. **11**. ЦIыху гъур, лы щIагъуэ зытемыльэ. **12**. Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ. **15**. Жыг кугъуанэхэр зи хэщIапIэ псэущхьэ кIэ баринэ. **16**. Хъарбызым и ..., и Iэфыпlэ. **18**. Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхан зэрыщхьэ къхъулъатэм гъэкIащIауэ зэреджэр. **20**. ... зеэныкъо и Iэпэ йобзей. **22**. Гъатхэм пасэу ди щIыпIэм къэльэтэж къуалэбзу. **24**. ... къэпщIауэ, пщIантIэм сабийхэр щыIэзрызохьэ. **25**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **26**. Псы е шэ къэкъуалъэм и щхьэм къытрещIэ. **29**. ПIастапхъэ. **33**. ХакIуитI зы ... щIэзагъэрхъым. **34**. Адыгэ лъэпкъ кIуэдыжа. **35**. И щIалэгъуэм комбайнёру щыта, иужькlэ уэрэджыIакIуэ Iэзэ къызыхэкIа, Къэбэрдей-Балъкъэрыи и цIыхубэ артист. **37**. Фочышэу кьагъэсэбэп бдзапцIэ хъурей цIыкIу. **39**. ... псы кIэрыпщIэрэ? **40**. Ди гъунэгъу лIыжьым ... хъарзынэ иIащ. **41**. Бжьхьым и щхьэм трахуэж чы сатыр. **42**. Бдзэжьей зэрещэ. **43**. Бын. **44**. Iэужь дахэ къыззэзыпэкIа сурэтыщI Iэзэ, КъБР-м и художникэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадзу щыта. **45**. «И ... еплъи ипхъу къаша» - адыгэ псалъэжь, фыз хъыщытшэм утщоГъупщж» - гушыIэ уэрэд цIэрыIуэм щыщщ.

Къехыу: **1**. Къалэ - лIыхъужь. **2**. Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу, Къардэн зэшхэу Къубатийрэ Къзбардрэ я адэцIэр. **4**. Удз тхьэмпэшхуэ. **6**. Языныкъуэ къуажэдэс унагъуэхэм псы, гъэш зракIэ кумбыгъэ. **7**. Бжэлуlэ. **13**. Ди гъунэгъуи и гурыфI къикIщ, ... ищIри шхапIэм дишащ. **14**. Фадэ гуащIэ. **15**. ЦIыхубз щыгъын. **17**. Къэухьхэр щызекIуэ псы абрагъуэ. **19**. Волгэ псым адыгэжэр зэрреджэу щыта. **21**. Хьэкум илъ пхъэ сахуэ. **23**. ЦIыху Iэл, Iэубыдыпlэншэ, гущIэгъэншэ. **27**. Iэщым хуэзхащIэ Iус. **28**. ... и пIэ ... къокIэж. **30**. Нэхъапэм кьулейсызхэм ящыгъуу щыта, былымыфэм кьыхэщIыкIа вакъэ. **31**. Iэщ пIащэ. **32**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **33**. Хэку зауэшхуэм и зэманым партизану щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **36**. Зи дамитIыр дэшея. **38**. ЩIалэ ..., ихъу-ипкI, мышынэ. **40**. Уэрэджыlакlуэ Iэзэ, адыгэр зэуIуу щыпсэу республикищим я цIыхубз артист.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Накъыгъэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **7**. Дыхьэрэн. **8**. Армение. **10**. Пхъэх. **11**. Санэ. **12**. Хъыдан. **13**. Выбжьэ. **15**. Къру. **16**. Медан. **21**. Лы. **22**. Насыпл. **23**. Ущ. **24**. Чымпэ. **25**. Гъубж. **27**. КъуэкIий. **30**. Хъурыфэ. **31**. Псым. **34**. Джабэ. **36**. Шхупцlатэ. **37**. Щхьэрыуэ.

Къехыу: **1**. Пырхъ. **2**. Уэшх. **3**. Щлэлъахъэ. **4**. Аргъынэ. **5**. Дерс. **6**. Кьиин. **9**. Къэдэр. **13**. Выуэч. **14**. Былым. **17**. ДыщэкI. **18**. Нэгъуей. **19**. Гъунэ. **20**. Бжьыдэз. **28**. Пхъуантэ. **29**. Мэзыхьэ. **32**. Сахуэ. **33**. МацIэ. **34**. Джэрш. **35**. Брул.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаесэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Элэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КьыдзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхуущапlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкlэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкlэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Мы къыдокIыгуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Элэ**, *редактору* **Жылаесэ Заурбэч**, *корректорхэру* **Щхьэщэмыщl Изэ** (4, 5, 6-нэ нап.), **Нэужьокъуэ Заирэ** (1, 2, 3-нэ нап.). *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэбфахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.113 ● Заказ №1103